



Haitian Creole Edition
Grade 6 Mathematics, Book 1
March 13–17, 2006

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Matematik
Liv 1

Ane **6**

13–17 Mas 2006



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Egzanp A

Samuel chwazi 150 frèz nan espas ki genyen frèz la. Li distribiye tout frèz yo bay 5 zanmi. Si Samuel te bay chak zanmi menm kantite frèz, konbyen frèz chak zanmi te resevwa?

- A 30
- B 50
- C 145
- D 155

Egzanp B

Kirsten li yon kantite liv, k . Eric li 3 liv an mwens pase Kirsten. Ki ekspresyon ki ka itilize pou jwenn kantite liv Eric li?

- F $k - 3$
- G $k + 3$
- H $3 - k$
- J $3 \times k$

1


Ki ekwasyon ou ka itilize pou ede ou rezoud ekwasyon ki anba?

$$\square \times 6 = 420$$

- A** $\square = 420 + 6$
- B** $\square = 420 - 6$
- C** $\square = 420 \times 6$
- D** $\square = 420 \div 6$

2

Jamie fè yon kat jeyografik pou zanmi li yo. Chak pwen sou kat jeyografik la reprezante yon pozisyon diferan.



Ki kowòdone ki reprezante kay Jamie?

- F** (2, 3)
- G** (3, 2)
- H** (3, 4)
- J** (4, 3)

Kontinye

3

Giselle te genyen 2 lit dlo. Li bwè 750 mililit. Konbyen mililit dlo Giselle rete?

1 lit = 1.000 mililit

- A 250
- B 1.000
- C 1.250
- D 1.750

4

Jason posede yon bokal ki gen yon pyès 10 santim, de pyès 5 santim ak yon pyès 25 santim. Li retire twa pyès owaza nan bokal la. Ki konbinezon ki pa yon rezilta posib?

- F yon pyès 10 santim, yon pyès 5 santim ak yon pyès 25 santim
- G yon pyès 25 santim ak de pyès 10 santim
- H yon pyès 10 santim ak de pyès 5 santim
- J de pyès 5 santim ak yon pyès 25 santim


5

Jackie vle plante $2\frac{1}{2}$ ranje mayi nan jaden li. Li bezwen $3\frac{1}{4}$ ons grenn pou chak ranje. Konbyen ons grenn Jackie ta dwe achte antou?

- A $8\frac{1}{8}$
- B $6\frac{1}{8}$
- C $5\frac{3}{4}$
- D $5\frac{2}{6}$

6

Yon sèk genyen yon dyamèt, \overline{NQ} , jan yo montre sa anba a.



[pa trase selon echèl la]

Reyon \overline{KP} mezire 3 pous. Ki longè \overline{NQ} ?

- F 3 pous
- G 4 pous
- H 6 pous
- J 9 pous

7

Konbyen tas ki genyen nan 5 ka?

1 ka = 2 pent
1 pent = 2 tas

- A 10
- B 20
- C 30
- D 40

Kontinye

8

Nan yon konpetisyon jimnastik, $\frac{3}{10}$ jimnast yo genyen yon riban. Ki pousantaj jimnast ki genyen yon riban?

F 3%

G 30%

H 33%

J $33\frac{1}{3}\%$

9

Ki ekwasyon ki montre pwopriyete komitatif adisyon?

A $6 + 3 = 9$

B $6 + 3 = 6 + 3$

C $6 + 3 = 3 + 6$

D $6 + 3 = 5 + 4$

10

Mei ekri ekspresyon ki anba a.

$$4n \times 2$$

Si n egal 6, ki valè ekspresyon an?

F 48

G 26

H 20

J 12

11


George genyen yon kontenè ji pòm ki mezire yon galon. Konbyen tas ji pòm ki nan kontenè yon galon an?

1 galon = 4 ka
 1 ka = 2 pent
 1 pent = 2 tas

- A** 1
- B** 4
- C** 8
- D** 16

12

Ki pwen sou dwat nimerik la ki pi gran pase -4 men pi piti pase 0 ?



- F** F
- G** G
- H** H
- J** J

Kontinye

13

Ben note kantite kliyan ki vin achte nan magazen bèt domestik li chak jou pandan yon semenn. Rezilta yo prezante anba a.

42, 35, 56, 29, 42, 39, 23

Ki mwayèn kantite kliyan ki vin achte nan magazen bèt domestik la?

- A** 33
- B** 38
- C** 39
- D** 42

14

Msye Jenkins vle distribye 40 bwochi. Li distribye 30 bwochi jiska prezan. Ki pousantaj kantite total bwochi Msye Jenkins distribye?

- F** 60%
- G** 70%
- H** 75%
- J** 80%

- 15** Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$(6 + 3^2) \times 4$$

- A 36
- B 42
- C 48
- D 60

- 16** Keesha ap pentire yon miray rektangilè ki nan chanm li. Miray la mezire 10 pye pa 8 pye. Ki sipèfisi miray Keesha ap pentire?

$$A = l \times w$$

- F 18 pye kare
- G 64 pye kare
- H 80 pye kare
- J 100 pye kare

- 17** Ki valè pou n fè ekwasyon an vre?


$$3 \times n = 1$$

- A -3
- B $\frac{1}{3}$
- C $\frac{2}{3}$
- D 2

Kontinye

18

Ki volim silend ki anba a?



[pa trase selon echèl la]

- F 80π pous kib
- G 160π pous kib
- H 400π pous kib
- J 1.600π pous kib

19


Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$3^3 + 1^2$$

- A 10
- B 11
- C 28
- D 29

20

Yo montre de triyang ki sanble anba a.



[pa trase selon echèl la]

Ki longè kote x nan Triyang B?

- F 16 cm
- G 20 cm
- H 24 cm
- J 28 cm

21

Pi gwo pizza ki alavant nan Shawna's Pizza Parlor genyen yon reyon 12 pous. Ki dyamèt pizza sa a?

- A 6 pous
- B 24 pous
- C 36 pous
- D 48 pous

Kontinye

22

Diane lanse yon pyès 20 santim anlè. Li note lè pyès la tonbe sou pil oswa sou fas. Rezilta yo prezante nan tablo ki anba a.

LANSMAN PYÈS MONNEN

Pozisyon	Kantite Fwa
Pil	
Fas	

Ki fraksyon lansman pyès la ki tonbe sou pil?

F $\frac{1}{8}$

G $\frac{2}{3}$

H $\frac{2}{5}$

J $\frac{3}{5}$

23

Ki ekwasyon ki vre lè $x = 0$?

A $6 - x + 2 = 4$

B $2 + 6 - x = 4$

C $x - 6 + 2 = 4$

D $6 + x - 2 = 4$

24

Sarah ranmase tenb epi li konsève yo nan anvlòp. Li te genyen 9 anvlòp avèk yon sèten kantite tenb, s , nan chak anvlòp. Li vann 3 anvlòp. Ki ekspresyon ki reprezante kantite tenb Sarah rete?

F $9s - 3$


G $(9 + 3)s$

H $9s - 3s$

J $9s - s - 3$

25

Ki nonb pwen X la reprezante sou dwat nimerik la?



A -6

B -7

C -9

D -10

RETE LA



Ane 6
Matematik
Liv 1

Grade 6
Mathematics
Book 1